

- Ou pa poukout ou... Lè ou viktin yon krim, sa ka difisil anpil. Ou gendwa pa kapab konsantre oswa sonje kèk bagay. Bagay sa yo nòmal pou yon moun ki viktim yon krim.
- Genyen moun ki la pou defann viktim yo e ki ka ba w yon seri sèvis gratis. Yo disponib pou reponn kesyon w yo e pou ba w konsèy ak sipò.
 - Pou jwenn yon òganizasyon nan konte w, ale sou www.pcv.pccd.pa.gov oswa eskane kòd QR ki anba a epi chwazi “Find Help in Your County.”
- Antanke viktim yon krim, ou gen dwa. Ale sou www.pcv.pccd.pa.gov oswa eskane kòd QR ki anba a pou konnen ki dwa ou genyen nan pwosesis jistis penal la, pou jwenn enfòmasyon sou fason ou ka egzèse lòt dwa ou genyen si yon moun ta vin arete ak/oswa kondane, e pou aprann fason ou ka jwenn kèt resous san pèdi tan, tankou òdonans pou jwenn abri ak pwoteksyon, asistans finansye ak konsèy pwofesyonèl.
- Si w viktim vyolans nan fanmi, ou gen dwa pou ale lajistik e pou mande yon òdonans pwoteksyon kont abi nan fanmi anba lwa ki rele Protection From Abuse Act (23 Pa.C.S. Ch. 61). Sa ka gen ladan 1:
 - Yon òdonans ki anpeche moun ki fè abi a pou l fè lòt abi; yon òdonans ki òdone moun ki fè abi a pou l soti lakay ou; yon òdonans pou anpeche moun ki fè abi a pou l antre lakay ou, lekòl ou oswa kote w ap travay la; yon òdonans ki ba w oswa ki bay lòt paran an gad tanporè oswa yon dwa vizit tanporè pou pitit ou a (yo); yon òdonans ki òdone moun ki fè abi a pou l peye pou okipe w oswa pou okipe pitit minè w yo si moun ki fè abi a gen obligasyon legal pou l fè sa.
- Si w viktim vyolans seksyèl oswa entimidasyon, ou gen dwa pou ale lajistik e pou mande yon òdonans pwoteksyon kont vyolans seksyèl (SVPO) anba lwa ki rele Protection of Victims of Sexual Assault or Intimidation Act (42 Pa.C.S. Ch. 62A).

Pou ale sou
sitwèb PA
Crime Victims
lan



Pou mande
yon
dedomajman



Aplikasyon
PA Crime
Victims sou
Google Play



Aplikasyon
PA
Crime
Victims
sou
Apple



Si w pa gen Entènèt, GADE KÈK KOWÒDONE KI ENPÒTAN ANBA A

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon nan lang pa w epi ou ka mande yon entèprèt nan lang manman w san sa pa koute w anyen

Kowòdone lokal ki enpòtan - Konte Montgomery

Viktim vyolans nan fanmi	
Laurel House	800-642-3150
Women's Center of Montgomery County	800-773-2424
Viktim agresyon seksyèl	
Victim Services Center of Montgomery County	888-521-0983
Viktim abi sou timoun	
Mission Kids Child Advocacy Center	484-687-2990
Victim Services Center of Montgomery County	888-521-0983
Viktim abi sou granmoun (liy asistans pou abi sou granmoun ki disponib 24 sou 24 800-490-8505)	
SeniorLAW Center	215-988-1244
Victim Services Center of Montgomery County	888-521-0983
Viktim krim vyolan (sa gen ladan l omisid)	
Victim Services Center of Montgomery County	888-521-0983
The Lincoln Center for Family and Youth	610-277-3715
Viktim trafik moun	
New Day to Stop Trafficking Program - Adults	267-838-5866
Mission Kids Child Advocacy Center - Minors	484-687-2990
Biwo konte a pou viktim/temwen yo	
Inité pou viktim/temwen yo nan biwo pwokirè distri a	610-278-3144

KONTAK POU TOUT ETA A

Pwogram konfidansyalite adrès yo

Pennsylvania Office of the Victim Advocate - 800-563-6399
oswa www.ova.pa.gov

Notifikasyon lè yon kriminèl libere nan prizon

PA Statewide Victim Notification System (PA-SAVIN) –
866-972-7284 oswa www.pcv.pccd.pa.gov

Asistans finansye

Victims Compensation Assistance Program - 800-233-2339
oswa www.dave.pa.gov

Asistans pou timoun yo

Pennsylvania Department of Human Services – 800-932-0313
oswa www.dhs.pa.gov/contact/Pages/Report-Abuse.aspx

AVI POU VIKTIM YO ANBA RÈGLEMAN 71

Anba règleman 71 ki fè pati lwa yo rele Crime Victims Act la, yon moun ki viktim yon krim kote li sibi yon blesi e kote yo vin arete yon moun gen dwa pou 1 resevwa yon avi lè gen yon odisyon ki fêt pou moun ki akize pou krim nan ka lage sou kosyon, epi li gen dwa tou pou 1 prezante kèleswa remak li vle konsènan kondisyon yo bay pou moun ki akize a ka libere sou kosyon nan moman yo deside oswa nan moman yo chanje kosyon an. Anba règleman 71, viktim nan gen dwa pou 1 prezan ak/oswa pou 1 pale pandan odisyon sa a ki fêt pou kosyon an. Sa pa obligatwa. Epitou, viktim nan ka fè lapolis oswa asistan pwokirè jeneral la konnen sa li panse pou yo enfòme jij la.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa w yo antanke viktim sou:

[**https://montcopa.org/248/Crime-Victim-Rights**](https://montcopa.org/248/Crime-Victim-Rights)

Odisyon preliminè

Yo pran desizyon sou kosyon an pandan odisyon preliminè moun ki akize a. Se yon pwozedi tribinal ki fêt pa mwayen teknoloji vityèl sou Zoom a 9:30 a.m., 2:30 p.m. ak 7:30 p.m.

Ale sou sitwèb: Zoom.us

Klike sou: "Join" oswa "Join Meeting"

Tape:

Nimewo reyinyon an: 992 7017 8847

Kòd pou antre a: 383838

[**https://zoom.us/j/99270178847?pwd=VWZsV1FJM2FabTJXUDFFVUR6aH**](https://zoom.us/j/99270178847?pwd=VWZsV1FJM2FabTJXUDFFVUR6aH)

[**Judz09**](#)



Pandan odisyon preliminè a, yon majistra distri ap fè moun ki akize a konnen pou ki krim yo akize 1 ak ki lè pwochen odisyon tribinal la pral fêt. Asistan pwokirè jeneral la ak avoka publik la ap prezante agiman pa yo pou montre sa kosyon an ta dwe ye, epi jij la ap deside ki kosyon pou 1 mete ak ki kondisyon espesyal ki mache ak kosyon an.

Odisyon pou egzamine kosyon an

Si yo mete moun ki akize a anba siveyans elektwonik OSWA si yo enpoze yon kosyon lajan kach li pa ka peye, 1 ap gen dwa pou 1 mande yon odisyon pou yo egzamine kosyon an nan pwochen jou biznis devan yon tribinal premye enstans a 1 p.m.

Nimewo reyinyon an: 935 7260 3334

Kòd pou antre a: 837150

[**https://zoom.us/j/93572603334?pwd=MVhuZ3dJc1NWWnFaVm1HTIBud0grdz09**](https://zoom.us/j/93572603334?pwd=MVhuZ3dJc1NWWnFaVm1HTIBud0grdz09)

Asistan pwokirè jeneral la ak avoka publik la ap prezante agiman pa yo pou montre sa kosyon an ta dwe ye, epi jij la ap deside si 1 ta dwe chanje kosyon an oswa si 1 ta dwe chanje kondisyon espesyal ki mache ak kosyon an.



Adrès postal:
P.O. Box 1167
Harrisburg, PA 17108-1167

Adrès fizik:
3101 North Front Street
Harrisburg, PA 17110

Telefòn, faks ak imèl:
(800) 233-2339
(717) 783-5153
(717) 787-4306 (faks)
ra-davesupport@pa.gov

Sitwèb: www.pcv.pccd.pa.gov

Ou ka ranpli fòm sa a epi voye l pa lapòs nan adrès ki anwo a, oswa ou ka voye l pa Entènèt sou sit <https://www.dave.pa.gov>

Fòmilè rakousi pou pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo

Tanpri li sa ki vin annapre a anvan ou ranpli fòmilè a.

Ou gendwa kalifye pou jwenn yon dedomajman si:

- Krim nan te fèt Pennsilvani.
- Ou te rapòte krim nan bay otorite ki konpetan yo sou 3 jou apre li te fèt la.
- Ou kowopere avèk otorite lapolis k ap mennen ankèt sou krim nan, ak tribunal yo ansanm ak pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo k ap jere demann nan (gen kèk eksepsyon ki aplike).
- Ka gen dat limit pou depoze demann yo. Tanpri ale sou www.pcv.pccd.pa.gov oswa rele nan 1-800-233-2339 pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ou dwe fè pou depoze yon demann.
- Kapab gen yon minimòm pèt ki aplike pou w ka depoze yon demann. Tanpri ale sou www.pcv.pccd.pa.gov oswa rele nan 1-800-233-2339 pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ou dwe fè pou depoze yon demann.

Ou gendwa resevwa yon dedomajman pou:

Depans medikal
Depans pou konsèy pwofesyonèl
Pèt revni
Pèt kòb pou okipe fanmi w se
Depans pou demenajman retrè sou sekirite sosyal, revni pou
Depans pou antèman andikap, revni siplemantè, prestasyon
Netwayaj sit kote krim nan te fèt la

Depans pou transpò
Gadri
Depans pou swen sante a domisil
Lajan kach ki volè (si prensipal sous revni w

pou sivivan, retrèt/pansyon, andikap oswa kòb tribunal la mande pou okipe yon konjwen/timoun)

Kòb maksimòm total la pa p depase \$35,000, men gen kèk prestasyon, tankou konsèy pwofesyonèl ak netwayaj sit kote krim nan te fèt la, ki ka plis pase maksimòm sa a. Pifò prestasyon yo gen limit sou kantite kòb yo ka peye.

Pwogram nan pa peye pou bagay sa yo:

- Doulè ak soufrans.
- Byen ki volè oswa ki domaje (sof pou ranplase yon ekipman medikal ki te volè oswa domaje).

Yo gendwa detèmine viktim nan pa kalifye pou dedomajman an oswa yo gendwa redui montan dedomajman an si konpòtman viktim nan te kontribye nan blesi a.

Fòmilè rakousi pou pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo

Kowopere ak pwogram nan epi voye enfòmasyon ki konplè e ki egzak pou ede nou trete demann ou san pèdi tan.

NÒT ENPÒTAN: Ou pa oblige tann jiskaske pwosè a fini oswa jiskaske ou fin resevwa tout bòdwo w yo nèt pou depoze yon demann. Ou kapab depoze yon demann menm si w pa konnen moun ki komèt krim nan oswa menm si yo pa arete pèsou.

Enstriksyon jeneral pou voye demann ou:

- Tanpri ekri yon fason ki klè ak lèt ki detache.
- Ranpli seksyon ki aplike ak demann ou sèlman.
- Bay yon adrès postal ki egzak, yon nimewo telefòn kote n ap ka rele w san sa pa gen danje pou ou oswa yon adrès imèl kote nou ka jwenn ou lajounen.
- Bay mezi dokiman ou kapab nan sa nou mande yo lè w ap depoze demann ou. Ou kapab depoze demann ou menm si w pa gen tout dokiman nou mande yo. Pwogram nan gendwa mande lòt enfòmasyon apre li resevwa demann nan.
- Siyen seksyon ki gen tit **Akize resepsyon, akò ranbousman ak otorizasyon pou jwenn enfòmasyon ak Otorizasyon ak akò divilgasyon enfòmasyon anba lwa HIPPA a** (si sa aplikab) ki nan do fòmilè demann nan.
- Si w ta renmen jwenn èd pou depoze demann ou, ou ka kontakte pwogram sèvis pou viktim yo ki mansyone nan do fòmilè sa a. Si pa gen okenn òganizasyon ki mansyone, ou ka kontakte pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo nan (800) 233-2339 pou jwenn èd.

Tanpri note sa: Si w chanje adrès postal, nimewo telefòn oswa adrès imèl, li enpòtan pou w fè pwogram nan konn sa. Pou nou ka trete demann ou, fòk nou ka kontakte w.

Pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo se òganizasyon k ap peye an dènye an. Sa vle di, si w touche kòb nan men lòt sous poutèt krim nan, tankou kòb asirans, kòb restitisyon ak règleman ki fèt nan kad yon aksyon sivil (sa gen ladan l nenpòt kòb ou resevwa pou doulè ak soufrans tou), n ap retire kòb sa a nan dedomajman ou pral touche a.

N ap fè tout sa nou kapab pou trete demann ou yon fason ki rapid e ki efikas.

Fòmilè rakousi pou pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo Demann n° _____

Enfòmasyon sou viktim nan

Non _____ Dat nesans _____ / _____ / _____ N° sek. sos. _____
Adrès _____ Vil _____ Eta _____ Kòd postal _____
Konte _____ Telefòn lajounen _____ Imèl _____

depoze demann nan dwe gen omwen 18 lane.

Non _____ Dat nesans // N° sek. sos. _____
Adrès _____ Vil _____ Eta _____ Kòd postal _____
Konte _____ Telefòn lajounen _____ Imèl _____

Relasyon avèk viktim nan

Enfòmasyon sou krim nan

Dat krim nan _____ / _____ / _____ Dat ou te rapòte krim nan bay lapolis oswa dat ou te depoze PFA a _____ / _____

Èske se nan travay li te fèt? Wi Non Èske se yon veyikil ki te lakòz blesi yo? Wi Non
Kote krim nan te fèt la (non ri an ak nimewo) _____
Vil _____ Eta _____ Konte _____
Depatman polis _____ Nimewo ensidan polis _____
Moun ki te komèt krim nan (yo) _____
Dekri krim nan ak blesi yo yon fason ki kout: _____

Tanpri ranpli seksyon an (yo) pou prestasyon ou mande yo epi bay mezi dokiman ou kapab kounye a nan sa nou mande yo. Pwogram nan gendwa mande lòt enfòmasyon apre li resevwa demann nan.

Prestasyon: Depans medikal/pou konsèy pwofesyonèl

Èske ou te fè depans medikal? Wi Non Èske ou te fè depans pou konsèy pwofesyonèl?
Wi Non Èske ou gen asirans pou peye pou depans medikal/pou konsèy
pwofesyonèl yo? Wi Non

Bay bòdwo detaye ak deklarasyon sou prestasyon asirans yo pou depans medikal oswa pou konsèy pwofesyonèl yo, si sa aplikab.

Prestasyon: Depans pou antèman/pèt kòb pou okipe fanmi w

Èske ou te fè depans pou antèman? Wi Non

Èske ou te touche yon kòb poutèt yon moun te mouri? (asirans vi, prestasyon sekirite sosyal nan ka lanmò)

Wi Non Èske ou menm oswa
lòt moun te depann de kòb moun ki mouri a? Wi Non

Bay kopi bòdwo/resi detaye pou antèman an ak deklarasyon sou prestasyon ou te resevwa yo.

Prestasyon: Pèt revni

Dat ou pa t al travay _____ / _____ / _____

Non ak adrès anplwayè a: _____

Non ak adrès doktè ki ka konfime ou pa t ap travay akoz krim nan _____

Prestasyon: Lajan kach ki vòlè

Kantite kòb ki te vòlè a? \$ _____

Youn nan prestasyon ki vin annapre yo se ta dwe prensipal sous revni w si w mande yon dedomajman pou yon lajan kach ki vòlè. Tcheke tout sa ki aplike yo.

Prestasyon sekirite sosyal Retrèt/Pansyon Andikap Kòb tribinal la mande yon okipe yon konjen/timoun

Èske ou gen asirans pou kay la antanke pwopriyetè/lokatè? Wi Non Èske ou gen obligasyon pou voye deklarasyon revni w bay IRS la? Wi Non

Bay kopi deklarasyon sou prestasyon ou resevwa chak mwa yo pou mwa/ane krim nan, paj deklarasyon asirans lan ak dènye deklarasyon revni pou enpo w, si sa aplikab.

Prestasyon: Depans pou demenajman, pou netwaye kote krim nan te fèt la e pou transpò

Èske ou te oblige demenaje akoz krim nan? Wi Non

Èske ou te fè depans pou netwaye kote krim nan te fèt la? Wi Non

Èske ou te fè depans pou transpò? Wi Non

Reprezentasyon

Èske ou gen yon avoka ki reprezante w pou dosye sa a: Pou depoze demann dedomajman an? Wi Non
Nan kad yon aksyon sivil? Wi Non Nan kad yon aksyon pou asirans? Wi Non

Enfòmasyon sou pwogram sèvis pou viktim yo

Pou jwenn èd pou depoze demann ou, tanpri rele òganizasyon ki mansyone isit la. Si pa gen okenn òganizasyon ki mansyone, tanpri rele nan 800-233-2339 pou jwenn èd.

Akize resepsyón, akò ranbousman ak otorizasyon pou jwenn enfòmasyon**Akize resepsyón, akò ranbousman ak otorizasyon pou jwenn enfòmasyon an sipoze siyen anvan nou ka verifye demann nan e anvan nou pa trete peman an.**

Akize resepsyón ak akò ranbousman: Se pwogram nan k ap deside si l ap apwouve demann mwen. Mwen gen posiblite konteste tout desizyon pwogram nan te pran an oswa yon pati nan desizyon sa a alekri sou 30 jou apre dat desizyon an. Mwen dwe endike montan egzak pèt mwen fè a anvan pwogram nan ka envizaje ban mwen yon dedomajman apati fon dedomajman pou viktim krim yo. Mwen ka mande lòt ranbousman pi devan pou lòt depans mwen fè akoz krim nan. Demann mwen ap refize si mwen pa kowopere nètale avèk lapolis, avèk tribunal yo e avèk pwogram nan, oswa si mwen pa bay pwogram nan yon adres ki valid. Si mwen fè yon fo deklarasyon, se yon krim anba 18 P.S. § 11.1303 nan lwa ki rele Crime Victims Act. Si m wen fè yon fo deklarasyon sou fòmilè demann sa a nan entansyon pou m twonpe pwogram nan, se yon krim anba 18 Pa. C.S. § 4904, Unsworn Falsification. Si mwen fè yon fo deklarasyon, lèfini pwogram nan itilize deklarasyon sa a pou ban mwen yon dedomajman, se yon krim anba 18 Pa.C.S. § 3922, Theft by Deception.

Mwen konprann fon dedomajman pou viktim krim yo se sous k ap peye an dènye an. Mwen dakò pou m enfòme pwogram nan e pou m ranbouse nenpòt kòb mwen ta jwenn na lòt sous ki poko konsidere bay Commonwealth la, pou krim sa a e jis nan montan total mwen touche pou dedomajman an. Sa vle di mwen aksepte pou m ranbouse nenpòt mwen resevwa nan men moun ki akize a oswa nan men lòt moun oswa nan lòt sous pou dedomaje mwen pou blesi mwen te sibi a. Sa gen ladan l kòb mwen jwenn anba yon kontra asirans, nan kad yon desizyon tribunal oswa yon règleman ki fèt nan yon aksyon sibil, ki gen rapò avèk krim mwen depoze demann sa a pou li a. Epitou, mwen dakò pou m ranbouse tout kòb pwogram nan te ban mwen an bay pwogram nan si li detèmine, nenpòt ki lè, demann nan fèt pa erè, sou baz fo deklarasyon oswa nan entansyon fwod.

Otorizasyon pou jwenn enfòmasyon: Mwen otorize nenpòt direktè fineray oswa lòt moun ki te bay jan de sèvis sa yo, nenpòt anplwayè viktim nan oswa anplwayè moun ki depoze demann nan, nenpòt ajans lapolis oswa gouvenman an, tankou otorite taks federal yo, nenpòt konpayi asirans oswa nenpòt òganizasyon ki gen enfòmasyon ki enpòtan pou l bay pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo, ki fè pati Office of Victims' Services, pou yo bay enfòmasyon yo genyen yo sou krim mwen depoze demann sa a pou li a.

Siyati moun ki depoze demann nan

Dat

Otorizasyon ak akò divilgasyon enfòmasyon anba lwa HIPAA a

Si se pou depans medikal oswa pou depans pou konsèy pwofesyonèl mwen fè demann nan, mwen dwe siyen akize resepsyón sa a anvan pwoesis verifikasiyon demann nan ka kòmanse.

Anba règlementasyon sou konfidansyalite ki nan lwa HIPAA a (Health Insurance Portability and Accountability Act, 42 U.S.C. § 1320d, et seq.), mwen otorize nenpòt lopital, doktè, pwofesyonèl sante oswa lòt moun ki te asiste, egzamine oswa trete _____ (non viktim nan ak lèt ki detache) pou yo bay pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo, ki fè pati Office of Victims' Services, tout enfòmasyon yo genyen yo sou krim mwen depoze demann sa a pou li a. Yo gendwa itilize kopi otorizasyon sa a nan plas dokiman orijinal la. **Mwen konprann mwen ka revoke otorizasyon sa a nenpòt ki lè. Pou m fè sa, mwen dwe voye pwogram asistans ak dedomajman pou viktim yo, ki fè pati Office of Victims' Services, yon demann alekri ki gen dat sou li. Mete sou sa, otorizasyon sa a ekspire 5 an apre dat mwen siyen l anba a oswa nan dat demann sa a fèmen, si dat sa a tonbe anvan.

Siyati moun ki depoze demann nan

Dat

Enfòmasyon estatistik sou viktim nan

Ou pa oblige ranpli seksyon sa a.

N ap itilize enfòmasyon sa yo pou estatistik sèlman.

Ras/Gwoup etnik: Blante Nwa/Afwo-Ameriken
 Azyatik Natif natal Away/lòt zile Pasifik

Panyòl/Latino Amerendyen/Moun natif natal Alaska
 Lòt ras Plizyè ras

Sèks: _____

Lang prensipal: _____

Kote ou te tande

pale de pwogram nan: Lopital

Pwokirè Bwochi Lapolis Sitwèb/Aplikasyon

Pwogram sèvis pou viktim yo
kote _____

Lòt

Adrès postal
PO Box 1167
Harrisburg, PA 17108-1167

Adrès fizik
3101 North Front Street
Harrisburg, PA 17110

Nimewo telefòn ak faks
800-233-2339
717-783-5153
717-787-4306 (faks)

Imèl
ra-davesupport@pa.gov

Sitwèb:
www.pcv.pccd.pa.gov

Voye pa Entènèt sou
<https://www.dave.pa.gov>



PENNSYLVANIA CRIME VICTIMS

Akize resepsyon

Mwen rekonèt mwen te resevwa enfòmasyon sou dwa debaz mwen yo antanke viktim yon krim e sou sèvis ki disponib pou mwen yo.

Mwen

otorize

pa otorize

nou pou n bay ajans ki apwopriye a non mwen ak nimewo telefòn mwen pou li ede mwen.

NON

SIYATI

_____ / _____ / _____
DAT

NIMEWO ENSIDAN

NIMEWO KONTAK KOTE PA GEN DANJE

ADRÈS POSTAL KOTE PA GEN DANJE

(Otorite yo pral kenbe fòm sa a ki ranpli e ki siyen.)

Depatman polis:



Liy asisrans pou kriz ki disponib 24 sou 24

Nimewo gratis: 888-521-0983

Liy asistans pou viktim agresyon seksyèl:

610-277-5200 Lòt krim: 610-277-4781

Imèl: VSCMontCoPA@vscmontcopa.org

Nimewo faks: 610-277-6386

Lineas directas de crisis las 24 horas:

Sin cargo: 888-521-0983

Linea directa para victimas de abuso sexual:

610-277-5200 Otros delitos: 610-277-4781